



Pou Piblikasyon Imedya: 07/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ADOPSYON LWA KI OGMANTE ANPIL
PWOTEKSYON POU REZIDAN LÒFT YO**

Lejislasyon (S.6950/A.7667) rann li ilegal lè yo deranje oswa pa bay sèvis esansyèl yo ak konfòmite nan lojman pou inite lojman miltip pwovizwa yo, otorize lokatè yo pou swiv reklamasyon yo nan tribinal lojman

Lalwa pèmèt rezidan lòft yo chèche pwoteksyon nan tribinal lojman Vil New York kont pwopriyetè ki pa bay sèvis debaz yo: Chofaj, dlo cho, elektrisite, gaz ak neglijan jeneral pwopriyetè a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse dènye adopsyon lejislasyon (S.6950/A.7667) ki rann li ilegal lè yo deranje oswa pa bay sèvis esansyèl yo ak konfòmite nan lojman pou inite lojman miltip pwovizwa yo epi otorize lokatè yo pou swiv reklamasyon yo nan Tribinal Lojman Vil New York. Pwojè lwa sa a rann li ilegal lè nenpòt pwopriyetè lòft deranje, refize oswa sispann sèvis esansyèl yo oswa kreye yon anviwònman ki pa abitab nan yon inite lojman miltip oswa pou nenpòt lokatè ke "Lwa Lòft" ki egziste a kouvri." Egzanp sèvis esansyèl yo gen ladan chofaj, dlo cho, elektrisite ak gaz. Egzanp yon anviwònman ki pa abitab kapab gen ladan youn kote gen fwit, gen mwazi oswa yon mank antretyen nan bilding lan ki kreye kondisyon danjere. Lwa sa a antre anvigè nan dat 1 desanm 2021.

"Se pa yon liks pou viv nan yon kay ki gen sèvis esansyèl tankou chofaj ak dlo cho — se yon dwa imen debaz ke chak Nouyòkè merite", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Lejislasyon sans komen sa a bay lokatè yo aksè ak yon rekou devan tribinal lojman lè yo refize yo sèvis esansyèl yo, yon etap enpòtan pou kenbe Nouyòkè yo san danje anndan lakay yo".

Gouvènè Adjwen an, Brian Benjamin, te deklare, "Okenn moun pa ta dwe enkyete yo konsènan zafè pa jwenn sèvis esansyèl yo bezwen lakay yo akòz yon echapatwa jiridik banal ak demode. Lokatè nan lòft ak inite lojman miltip yo merite menm dwa debaz ki akòde ak tout lòt rezidan Nouyòkè yo. Mwen vle remèsye sipòtè pwojè lwa a yo ak Gouvènè Hochul dèske yo siyen lejislasyon enpòtan sa a".

Adopte an 1982, Lwa sou Lojman Miltip la te etabli Lwa Lòft la ak kreye yon nouvo gwoup bilding nan Vil New York ke yo konnen kòm lojman miltip pwovizwa oswa "lòft". Lòft se ansyen espas lòft komèsyal ak fabrikasyon ki itilize kòm rezidans. Lwa Lòft

la etabli tou Konsèy Lòft la pou kowòdone konvèsyon legal espas sa yo pou tounen inite rezidansyèl san danje.

Pandan plizyè ane pase yo, rezidan "lòft" ki legalman deziyen yo te viv yon ogmantasyon nan asèlman ak neglijan epi pa te kapab jwenn doleyans yo ki rezoud regilyèman nan Tribinal Lojman Vil New York la, kote apeprè tout lòt lokatè yo kapab chèche rekou. Egzanp asèlman ak neglijan yo gen ladan zafè pa founi sèvis debaz ak esansyèl yo tankou chofaj, dlo cho, elektrisite ak gaz, ansanm ak zafè pa kenbe kondisyon pou viv ki san danje ak apwopriye: pa ranje fwit yo, pa retire mwazi, ak lòt pwoblèm similè. Akòz yo pa ka jwenn doleyans yo ki rezoud nan tribinal lojman an, lokatè lòft yo pa te kapab itilize pwoteksyon Eta ak Vil New York ki kontinye elaji yo ki te adopte globalman pou lokatè yo pandan dènye deseni an, sa gen ladann aksè ak reprezantasyon lib nan Tribinal Lojman Vil New York la.

Dènye desizyon tribinal la te rann li klè ke lokatè lòft yo pa te kapab konplètman pouswiv dwa yo nan kad plis pwoteksyon elaji lwa sou lojman New York yo bay nan tribinal lojman, men te dwe prezante devan Konsèy Lòft la, ki pa te byen ekipe pou rezoud pwoblèm asèlman ak neglijan pwopriyetè yo. Lejislasyon sa a rezoud pwoblèm debaz sa a epi elaji pwoteksyon yo pou lokatè k ap viv nan lòft anba asèlman pwopriyetè epi klarifye ke yo ka pouswiv kèk plent nan tribinal lojman.

Nouvo lwa a kounye entèdi pwopriyetè yon lòft koupe sèvis esansyèl yo nan bilding lan yon fwa lokatè a te ranpli yon aplikasyon avèk Konsèy Lòft la pou nòmalize apatman an, epi Konsèy Lòft la te asiyen yon nimewo pou dosye a. Anplis de sa, lejislasyon an anpeche pwopriyetè yo ekspilse lokatè nan lòft yo pandan yon dosye annatant devan Konsèy Lòft la epi pèmèt lokatè a depoze yon plent nan tribinal lojman anplis Konsèy Lòft la. An final, lejislasyon an otorize lokatè yo depoze plent nan tribinal lojman epi egzije kontinyasyon sèvis esansyèl yo. Bay yon espas pou viv ki apwopriye avèk ekipman nesèsè yo ta dwe yon dwa inivèsèl, epi pa nan okenn fason yon bagay ki inik ak lokatè lòft yo.

Senatè Julia Salazar te deklare, "Lè Lwa Lòft la te renouvle ak amelyore an 2019, entansyon an se te pou bay pwoteksyon ak yon pwosè san patipri pou lokatè lòft yo. Pwoblèm yo ki gen rapò ak reparasyon ak konfòmite nan lojman ta dwe gen yon Tribinal Lojman ki tande yo, se pa Konsèy Lòft la, ki pa ekipe pou rezoud pwoblèm sa yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul dèske li siyen lejislasyon sa a ki ap amande Lwa Lòft la ak bay lokatè lòft yo menm pwoteksyon pou lojman san danje ak vivab menm jan ak lòt lokatè yo".

Manm Asanble Deborah J. Glick te deklare, "Se te desevan pou nou wè tribinal yo mal entèprete lwa lòft la. Pwojè lwa sa a pral asire tout lokatè yo, sa gen ladan lokatè lòft yo, jwenn aksè ak tribinal lojman nan sa ki gen pou wè ak mank sèvis esansyèl. Mezi sa a klarifye ke tribinal lojman, se pa konsèy lòft la, se espas apwopriye a lè lokatè lòft yo ap chèche rezoud pwoblèm sèvis lojman yo. Klarifye aksè sa a ankò pi enpòtan piske chanjman nan dekoupaj Administrasyon Vil la diminye pwoteksyon anvan

yo. Pandan Vil la te refere pou règleman sou lojman nan eta a, mezi sa a pral asire rekou legal pou lokatè lòft yo".

Senatè Brian Kavanagh, Prezidan Komite Lojman Sena, te deklare, "Pandan dènye ane yo, atravè adopsyon dispozisyon konsèy la pou Lwa sou Establiite Lojman ak Pwoteksyon Lokatè a ak lejislasyon espesifik pou ranfòse Lwa Lòft la, kòlèg mwen yo nan lejislati a ak mwen menm te fè sa klè ke nou pral fè sa ki nesèsè pou asire chak Nouyòkè gen aksè ak lojman estab, sekirite ak abòdab. Se sèten ke efò sa a gen ladan bay yon repons efikas lè kèk pwopriyetè malonèt pran mezi pou fè kay lokatè yo tounen yon kote ki pa vivab. Mwen felisite ak remèsye Senatè Julia Salazar ak Manm Asanble Deborah Glick, ki se te espesyalman defansè detèmine kòz pou pwoteje lokatè lòft yo epi Gouvènè Kathy Hochul, dèske nan ti tan li kòm Chèf Egzekitif nou, li te deja fè gwo pwogrè nan pwoteje kay Nouyòkè yo".

Manm Asanble Steven Cymbrowitz te deklare, "Tout lokatè gen dwa ak aksè egal ak yon lojman ki vivab ak pwoteksyon esansyèl yo, ansanm ak dwa pou chèche rekou legal lè yo refize dwa sa yo. Nouvo lwa sa a vle di lokatè lòft yo pral finalman gen menm pwoteksyon legal tankou lòt lokatè yo epi pral gen opsyon pou chèche jistis nan Tribinal Lojman si ta gen nesèsite pou sa".

Direktè Egzekitif New York State Tenants & Neighbors, Genesis Aquino, te deklare, "Adopsyon pwojè lwa sa a vle di plis pase fèmtyon echapatwa pou pèmèt lokatè lòft yo aplike dwa yo pou kondisyon ki abitab, se yon etap pi pre eliminasyon lojman ki pa selon estanda yo nan Eta New York. Kòm yon òganizasyon k ap batay pou dwa lokatè yo pou lojman sekirite, NYS Tenants & Neighbors konprann enpak kondisyon lojman ki pa sekirite yo kapab genyen sou sante moun, epi nou felisite Gouvènè Hochul dèske li siyen Pwojè Lwa Lòft la ak rekonèt ke tout lokatè merite viv nan kay ki desan. Nou remèsye tou Manm Asanble Glick ak Senatè Salazar dèske yo te sipòte pwojè lwa pou lejislasyon ki nesèsè sa a".

Direktè Angajman Sivik ak Rechèch nan Churches United for Fair Housing, Whitney Hu, te deklare, "Se yon gwo viktwa pou dwa lokatè yo espesyalman akòz lokatè lòft yo te espesyalman vilnerab poutèt pwopriyetè yo ki te refize sèvis esansyèl yo. Nou kontan wè Gouvènè Hochul ak administrasyon li an ap vanse pou asire tout Nouyòkè gen espas pou viv ki diy ak pwoteksyon. Nou rekonesan tou pou defans ak travay kontinyèl Senatè Julia Salazar ak Manm Asanble Deborah Glick pou lejislasyon nesèsè sa a".

Kowòdinatè Kanpay, Jistis nan Lojman Pou Tout Moun, Cea Weaver, te deklare, "Tout lokatè nan New York dwe gen dwa pou defann tèt yo kont ekspilsyon ak kondisyon pou viv ki pa sekirite nan Tribinal Lojman, epi mwen remèsye Senatè Salazar, Manm Asanble Glick ak Gouvènè Hochul dèske yo asire lokatè lòft yo gen menm dwa ak pwoteksyon tankou tout lòt yo. Apatman lòft yo te bay yon sous lojman abòdab enpòtan pou New York pandan plizyè deseni -- lejislasyon jodi a rekonèt reyalite sa a epi afime dwa enpòtan sa a pou plizyè milye lokatè nan katye ak kominote nou yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)